







Gid pou Paran Gen Aksè a Dosye Bibliyotèk Timoun yo

<p>Etap 1: Itilize aparèy òdinatè distris a bay pitit ou a, lokalize ikòn CANVAS la epi klike sou li pou w ka louvri Canvas</p>	
<p>Etap 2: Yon fwa ke Canvas louvri, chwazi RESOURCES nan meni panèl ble ki sou bò goch la; sa pral mennen ou sou paj Resous <i>Clever</i> a</p>	
<p>Etap 3: Yon fwa ke ou sou paj resous la, rale desann anba jiskaske ou jwenn yon ikòn katalòg ki make <i>DESTINY ONLINE LIBRARY CATALOG</i>; ou kapab jwenn li nan seksyon RESOUS DISTRI a</p>	
<p>Etap 4: Aprè ke Destiny fini louvri, ou ap chwazi lekòl pitit ou a nan lis la; sa pral mennen ou nan <i>Destiny Discover</i></p>	
<p>Etap 5: Yon fwa ke <i>Destiny Discover</i> louvri, klike sou meni ki make <i>MY STUFF</i> nan lis opsyon ki sou anlè paj la</p>	
<p>Etap 6: Apati de meni <i>My Stuff</i> la, ou ap chwazi <i>CHECKOUTS</i></p>	
<p>Etap 7: Koulye a ou pral kapab wè lis liv pitit ou a te prete; si pa genyen liv ki parèt, se paske pitit ou a pa prete okenn liv nan bibliyotèk la pou moman sa a</p>	